



Pou Piblikasyon Imedya: 22/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EKSPANSYON SINIFIKATIF NAN IZIN KRÈM GLASE A NAN DUNKIRK

Nouvo etablisman fabrikasyon Wells Enterprises yo pral kenbe 401 djòb epi kreye plis pase 200 nouvo djòb pou pwodiksyon krèm glase ak pwodwi inovan glase yo

Gade reprezantasyon grafik izin modèn lan [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Wells Enterprises ap planifye pou elaji etablisman fabrikasyon li nan Dunkirk, li fè yon investisman enpòtan pou kreye yon izin krèm glase klas mondyal sou pwopriyete li genyen kounye a. Pwojè a pral pèmèt konpayi an ajoute plis pase 200 nouvo djòb epi kenbe 401 djòb apentan ki egziste deja. Eta New York ap sipòte pwojè a avèk jiska 10 milyon dola kredi taks atravè Pwogram Travay Excelsior a ak yon sibvansyon 6 milyon dola ki soti nan men Empire State Development an echanj pou kreyasyon djòb ak angajman investisman kapital. Ajans Devlopman Endistriyèl Konte Chautauqua (Chautauqua County Industrial Development Agency, CCIDA) ap travay tou ak ekip jesyon Wells pou bay sipò ki nesèsè pou direktè ekzekitif konpayi yo otorize pwojè a ofisyèlman.

"Nouvo izin fabrikasyon krèm glase modèn nan Konte Chautauqua pral kreye travay epi ankouraje kwasans ekonomik pou anpl ane k ap vini yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè sa a se yon viktwa pou plizyè santèn travayè izin yo, yon viktwa pou anpil patnè biznis lokal ki benefisye etablisman an, ak yon istwa siksè enpòtan pou ekonomi an jeneral nan rejyon an."

Liam Killeen, PDG Wells Enterprises te deklare, "Nou kontan anpil pou n bati sou fòs ekip nou an nan Dunkirk epi pou n kontinye travay ak kominote a pou devlope ak elaji operasyon nou yo isit la. Investisman an nan Dunkirk montre pasyon nou pou bay bon jan kalite krèm glase wo nivo ki pote lajwa bay konsomatè yo atravè mond lan. Ekspansyon ki te planifye a ranfòse tou devouman nou anvè ekip nou an, konsomatè yo ak kominote a kòm yon pati enpòtan nan fiti alontèm konpayi nou an."

Enstalasyon fabrikasyon Dunkirk la, ki sitiye nan 1 Ice Cream Drive, jwe yon wòl enpòtan nan plan ekspansyon konpayi an pou rezo fabrikasyon nasyonal li a nan mak Blue Bunny, Halo Top, Bomb Pop ak Blue Ribbon Classics. Yo prevwa agrandisman an plis pase double kapasite pwodiksyon aktyèl etablisman an epi ede sipòte plan

kontinyèl konpayi an pou kwasans nan krèm glase inovan ak anbale, pandan y ap pèmèt inovasyon alavni.

Konstriksyon nouvo etablisman an pral kòmanse nan dènye trimès 2023 la. Li pral genyen tout nouvo liy pwodiksyon, chanm fwad, ak espas biwo administratif. Wells pral kontinye fabrike pwodwi krèm glase nan etablisman ki egziste a pandan konstriksyon nouvo izin lan sou pye.

Siksè konpayi an gen anpil sipò kiltivatè pwodui letye lokal yo ki bay majorite lèt likid yo itilize nan etablisman an jodi a. Agrandisman ki planifye a pral kontinye itilize plizyè milyon liv pwodui letye chak ane. Chif sa a prevwa grandi ansanm ak konsomasyon krèm glase an jeneral. *Fortune Business Insights* estime mache krèm glase mondyal la pral rive nan 104.96 milya dola an 2029, soti nan 71.52 milya dola nan 2021—swa yon bon 46 pousan nan mwens pase yon deseni akòz anvi mond lan genyen pou krèm glase.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral & Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Ansanm, nou chanje istwa a nan Dunkirk soti nan yon gwo pèt rive nan yon gwo viktwa. Konstriksyon nouvo izin krèm glase modèn Wells la pral ajoute plizyè santèn djòb — se yon viktwa dous pou kominote a, epi ESD fyè dèske li te jwe yon wòl nan negosyasyon. Kit se krèm glase, yogout, oswa sereyal, endistri manifakti manje a se yon engredyan enpòtan pou ekonomi nou an. Nouvo etablisman pwodiksyon teknoloji avanse nan Dunkirk la se yon gou kwasans travay ak opòtinite biznis ke New York te eksperimante nan kad lidèchip Gouvènè Hochul la."

Ferrero Group (Gwoup Ferrero) dènyèman te achte Wells Enterprises, operasyon li yo ak mak krèm glase li yo.

De biznis ke fanmi posede yo gen yon bon istwa siksè. Ferrero, ki te fonde an 1946, te vin tounen yon lidè mondyal nan manje dous ki anbale, ki gen ladan sirèt, krèm glase, biskwit, ak snak. Wells te vin pi gwo konpayi krèm glase ki posede ak jere pa fanmi nan mond lan depi li te fonde an 1913 kòm yon biznis livrezon pwodui letye.

Mark Geise, PDG Ajans Devlopman Endistriyèl Konte Chautauqua, te deklare, "Mwen fyè dèske CCIDA te kapab ede Ferrero Group ak Wells Enterprises nan pèmèt pwojè enteresan sa a reyalize. Yo te yon gwo patnè, epi mwen rekonesan dèske yo rekonèt kalite mendèv la nan Dunkirk epi yo te chwazi fè investisman yo isit la nan kominote nou an."

Izin krèm glase a pral kontinye itilize tou nouvo etablisman distribisyon chanm fwad Americold la nan vil Dunkirk, ki ap bay estokaj ki nesèsè pou chèn apwovizyonman manje nan zòn nan. Pwojè 41 milyon dola Americold la te sipòte pa jiska 700,000 dola nan kredi taks ki baze sou pèfòmans atravè Pwogram Travay Excelsior an retou pou kreyasyon 60 djòb aplentan.

Senatè Eta a, George Borrello, te deklare, "Envestisman elaji Wells Enterprises nan rejyon nou an se yon gwo 'viktwa' ki pral kreye travay, ogmante demann ki soti nan men kiltivatè letye nou yo epi amelyore ekonomi lokal nou an. Avèk pozisyon solid li nan endistri pwodiksyon manje a, Dunkirk gen enfrastrikti ak mendèv ki nesèsè pou sipòte ekspansyon eksitan sa a. Mwen voye apresyasyon mwen bay Gouvènè a, ekip Empire State Development lan ak tout patnè lokal yo ki te travay pou fè sa reyalize. Se yon temwayaj gwo bagay ki ka reyalize gras ak kolaborasyon."

Manm Asanble, Andrew Goodell, te deklare, "Enstalasyon krèm glase Wells te opere a se yon pati trè enpòtan nan ekonomi Konte Northern Chautauqua pou plizyè deseni. Li trè eksitan pou wè envestisman sibstansyèl sa a ak yon ogmantasyon ki koresponn ak anplwa. Pwojè sa a pral ede asire ke etablisman sa a ap kontinye pandan plizyè ane pou fè bon jan kalite krèm glase ak pwodwi inovan ak yon repitasyon byen merite pou gwo gou!"

Egzekitif Konte Chautauqua a, PJ Wendel, te deklare, "Nou kontan wè angajman alontèm Wells nan Konte Chautauqua ak Vil Dunkirk, New York. Avèk plan yo pwopoze a ki soti nan Wells, ki te fèk akeri pa Ferrero Group la, wè yon konpayi mondyal planifye pou fè envestisman enpòtan sa a nan kominote nou an se yon temwayaj sou kalite mendèv lokal Konte Chautauqua a. Mwen ta renmen remèsye Ajans Devlopman Endistriyèl Konte Chautauqua, sou direksyon Direktè Egzekitif Adjwen Konte a pou Devlopman Ekonomik ak Direktè Egzekitif Jeneral Mark Geise, pou travay di yo fè pou rann pwojè sa posib."

Majistra Vil Dunkirk, Willie Rosas Majistra, te deklare, "Vil Dunkirk kontan anpil pou rekonstriksyon ak ekspansyon Wells Enterprises 21èm Syèk la. Nou kontan pou plizyè santèn anplwaye k ap travay di kounye a nan Wells – ak plizyè santèn yo pral ajoute ak ekspansyon ki te planifye a – ki ka planifye ak bati sou yon jenerasyon travay ki byen peye. Travay sa yo pral ede peple lekòl nou yo, kreye plis valè nan vil nou an, epi pèmèt anplwaye yo ak fanmi yo viv, travay, ak pwospere nan kominote nou an."

Pou plis enfòmasyon sou Ferrero Group, tanpri vizite <https://www.ferrero.com/>.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Wells Enterprises nan <https://wellsenterprisesinc.com/>.

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development (ESD) se ajans devlopman ekonomik prensipal New York. Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore envestisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon djòb epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils, REDC) Eta New York la ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", mak touris

anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, tanpri ale sou Entènèt nan sitwèb www.regionalcouncils.ny.gov ak www.esd.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)